Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



№ 6 (6638) 28 январь 2019 с. Итни Жумадул авал 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Гьабураб хIалтIул баянал кьей, 293 чиясе хъулухъ...

### ГIадамазе хъулухъал гьариялъул суал гьоркьоб лъуна Бакълъулазул районалда

**21 январалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевасул нухмалъиялда районалъул администрациялъул иргадулаб данделъи тIобитIана.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистаналъул Гумбет районалда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас бицана хадусеб моцIалъул 15 къоялде кьезе кколел отчетазул. «Киналго бюджетниял гIуцIабаз кьезе ккола МПялъул (микро) баянал, 2018 соналъ микропредприятиялъул хIаракатчилъиялъул, цIатариялъулгун энергетикаялъул сурсатаздаса пайда босиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги»,-ян абуна МухIамад Лабазановас.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана араб анкьалъ жидеца 293 гIарза къабул гьабунин, гьезда гьоркьоб 7 гIарза кадастровияб учеталда объектал лъеялъул, 12 - буголъиялда ихтиаралъе хъвай-хъвагIай гьабеян хъвараб букIанин.



Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас абуна гьабсагIат больницаялда сах гьавулев вугин 55 чи, гьел дарабаздалъун ва хIажатаб медицинаялъулаб хъулухъалдалъун хьезарун ругин.

«Гумбеталъул гIолилазул централъул хIаракатчияс ЦIияблак районалъул ЦIияб Килалъ росулъ гIуцIана школлъималазулги спортсменазулги дандчIвай. гIолилазул централъ гьединго хIадурун буго «Ниж сахаб гIумруялъе гIоло» проект, гьелда рекъон МахIачхъалаялда «Труд» стадионалда щибаб гьатIан къоялъ данделъизе руго районалдаса гIолилал радалисеб зарядка гьабизе.

МахIачхъалаялда тIобитIана, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Макашариповасул бетIерлъиялда, Игьалиса гIолилазулгун дандчIвай»,-ян абуна Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

Данделъиялъул хIасилал гьарун, районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас, дандрекъон кколел тIадкъаял къуна, гьоркьор лъурал суалал тIуразариялъе.

**Хадижат Мазгарова**

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ МУГЬАЖИРЗАБИ

## Туркиялдаса гьобол ЧIиркъатIа музеялда

### Дагъистаналъул мугьажиразул тухумалъул чи Туркиялдаса вачIана Бакълъулазул районалде

**Бакълъулазул районалде вачIана Туркиялде арал Дагъистаналъул мугьажиразул тухумалъул чи, турист, сапарчи ГIали Анлар.**

Гьобол щвана ГIалибег Тахо-годил цIаралда бугеб Дагъистан Республикаялъул миллияб музеялъул ЧIиркъатIа бугеб филиалалде, цогидалги учреждениязде, гьединго бакълъулазул ракьалъул тарихиял ва тIабигIиял памятниказдe.

ДРялъул миллияб музеялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас бицана экспонатазул, гьоркьохъел гIасрабазул, Кавказалъул рагъул тарихалъул. Филиалалда цIунун руго АхIулгохIдаса ракIарарал кьвагьулел жал. Баянаб букIахъе, 1839 соналъ лъабго моцIалъ цIунана АхIулгохI рагъухъабаз.

ЧIиркъатIа бахъулаан чIабатI промышленнияб мурадалъе. Ибрагьим Ибрагьимовас гьоболасда рихьизаруна чIабатI ва музеялъул экспонатал.

ГIали Анларица жиндирго тухумалъул хIакъалъулъ ракIалде щвеял гьаруна, бицана мугьажирлъиялъул тарихалъул, ГIусманилаб империялде Дагъистаналдаса жиндирго цересел умумул ритIиялъул.

«Гьанжесеб Туркиялда гIумру тIамулеб буго Севернаб Кавказалъул гIемермиллатазул вакилзабаз, церего гьенире аразул наслабаз. Дун вуго Туркиялъул Токат провинциялъул Турхан шагьаралде административияб къагIидаялъ гьоркьолъе кколеб Акбуда росулъ.



Дир умумул ГIусманилаб империялде ритIана нусгоялдаса цIикIкIун соналъ цере. Акбуда росуялъе къучI лъун буго Дагъистаналъул батIи-батIиял росабалъа авараз. Гьениб яшав гьабулев буго ЧIикIаб, Гьамущи, Къорода, ГIанди, Ахъайтала ва цогидалги росабалъа гIадамаз. Дир цересел умумул ккола ЧIикIаса. Туркиялда ругел этническиял дагъистанияз кIвар кьолеб буго жидерго мацI, маданият, гIадатал цIуниялде»,-ян абуна ГIали Анларица.

ДРялъул миллияб музеялъул Гумбеталъул филиалалда экскурсиялда ГIали Анларида цадахъ рукIана ЧIиркъатIа бугеб лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул нухмалъулев ГIабдулмажид Шихшалаев, районалъул администрациялъул туризмалъул рахъалъ специалист, фотомухбир Гебек Гебеков ва цогидалги.

Дагъистаналде щвеялдаса, гIадамалгун дандчIваялдаса, жиндирго тарихияб ВатIаналде вачIиналдаса разиго тIад вуссана ГIали Анлар. Гьев гаргадулев вугоан бацIцIадаб авар мацIалда.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Хъил тIезеги хIисабалде босун буго

-2 гьум.



Жидеего бокьани, сакъаталги махщел щвезе цIализе бегьула

-2 гьум.



Бюджеты сельских поселений

-3-4 стр.



Росабалъ жанисел газил мухъал къачIай, рукъзабахъе газ бачиналде хIадурлъи...

-4 гьум.

НУХАЛГИ-МЕХАЛГИ

# Хъил тІезеги хІисабалде босун буго

### Бакълъулазул районалда МельелтІа-Щабдухъ-ИчичІали нух къачІалеб буго

**МельелтІа - Щабдухъ-ИчичІали нух къачІаялъе «Дагъистанавтодор» ГКУ-ялъул тендер бергьана Бакълъулазул районалъе. 10 ки-**



**лометраялдаса цІикІкІун манзилалда нух къачІазе буго Хасавюрт районалъул ЦІияб ИчичІалиса меценат МухІамад Дибировасул сурсатаздалъун.**

Щабдухъе ва ИчичІалире нухал лъикІаб хІалалда гьечІо. Гьаб сагІат къачІалеб буго МельелтІа-Щабдухъ нух. Хасаб техникаялдалъун нухал гІатІид гьарулел, ритІизарулел руго, хадуб хьил тІезеги хІисабалде босун буго. Нухалъе ремонт гьабулаго, хисулел руго лъим жанисан унел рогІралги.

Нух къачІаралъухъ росабазул гІадамаз баркала кьолеб буго меценат МухІамад Дибировасе ва «Дагъистанавтодор» ГКУялъе. Нух цІигьабун къачІаялъ рес кьезе буго автотранспорт хьвадиялъул хІинкъи гьечІолъи цІунизе ва нухлулазе санагІатаб хІал чІезабизе.

**«Гумбет» РИО**

СОЦИАЛИЯБ ПОЛИТИКА

# Жидеего бокьани, сакъаталги махщел щвезе цІализе бегьула

### Беццазул тІолгороссиялъул обществоялъул бакІалъулаб гІуцІиялъул данделъи

**Бакълъулазул районалъул МельелтІа росулъ тІобитІана беццазул тІолгороссиялъул обществоялъул районалъул отделениялъул данделъи.**

Тадбиралда гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиев, беццазул тІолгороссиялъул обществоялъул Гумбет ва Казбек районазул бакІалъулаб гІуцІиялъул нухмалъулев МахІмуд Абулаев, беццазул обществоялъул бакІалъулаб гІуцІиялъул вакил МухІамадхІабиб Гьиматов, МФЦялъул специалист ГІайшат ХІажимурадова, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул психолог Мадина МухІамадова ва цогидалги.

Данделъи рагьана администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хьарагишиевас. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовасул, администрациялъул ва жиндирго рахъалдасан саламалъулаб кІалъай гьабуна Хьарагишиевас.

«ЖамгІияталъул цебетІеялъе къимат кьола сакъатал гІадамаздехун бугеб бербалагьиялъухъ балагьун. Россиялда гьединал гІадамазе кумек гьабулеб буго пачализхъиял ва жамгІиял гІуцІабаз. Бакълъулазул районалъул гІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъ ва цогидалги учреждениялъ кумек гьабула сакъатал гІадамазе, рахъ ккола кумекалде хІажатазул. Божарав вуго, жакъасеб тадбиралъги квербакъи гьабизе букІиналда, сакъатал гІадамазул хІажалъаби тІуралъе»,-ян абуна МухІамад Хьарагишиевас.

Хадув кІалъазе вахьана беццазул тІолгороссиялъул обществоялъул бакІалъулаб отделениялъул нухмалъулев МахІмуд Абулаев. Жиндирго кІалъаялда гьес бицана тІубанго канлъи гьечІелцин хІалтІулеб, МахІачхъалаялда бугеб предприятиялъул хІакъалъулъ. Гьез кьода жаниб дандбалеб буго 1500-2000 прищепка.

«Москва областалъул Волоколамскалда буго беццазе социалияб реабилитациялъул центр. Гьелъ къабул гьарула цІализе беццал инвалидал. Гьенир руго курсал рукъалъул хІалтІи гьабизе, Брайлял системалъе, компьютерниял технологиязе, цІулал тІагІелал гьаризе, хьитазе ремонт гьабизе ва цогидалъе беццалчагІи ругьунлъизарулел. Гьеб централде ине бокьараз беццазул бакІалъулаб гІуцІиялда лъазабизе ккола. ЦІали чІобого букІунаян»,-ян абуна МахІмуд Абулаевас. Гьес гьединго жавабал кьуна данделъиялда гІахьаллъаразул суалазе.

МухІамад Хьарагишиевас баркала кьуна МахІмуд Абулаевасе ва сакъатал гражданазе пайдаяб хІалтІи гІуцІулезе, гьарана хадур ккунги хІалтІулъ бергьенлъаби.

**Хадижат Мазгарова**

ЛЪАГІАЛИЛ ХІАСИЛАЛ

# 2018 соналда Бакълъулазул районалда ккарал кІвар бугел лъугьа-бахъинал

**Дагъистаналъул бетІер Владимир Васильевас тарихияб «АхІулгохІ» мемориалияб комплекс баялъулъ гІахьаллъиялъе гІоло, «ГІагараб ракьалде рокьиялъе гІоло» медаль кьуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул вице-спикер СайгидахІмад АхІмадовасе.**

* * *

Дагъистаналъул СОБРалъул командир МухІамад МухІамадовасе кьуна Россиялъул Федерациялъул пачалихъияб шапакъат- кІиабизеги Бихьинчилъиялъул медаль.

* * *

ЧІикь аслияб школалъе кьуна халкъияб лъайкьеялъул отличник, РФялъул гІаммаб лъайкьеялъул хІурматияв хІалтІухъан Анварбег Сайпулаевасул цІар.

* * *

МельелтІа гьоркьохъеб школалъе кьуна ДРялъул мустахІикъав учитель, халкъияб лъайкьеялъул отличник Чалаби МухІамадовасул цІар.

* * *

МахІачхъалаялда поэзиялъул театралда тІобитІана магІарулазул хьвадарухъан ва журналист, Россиялъул хьвадарухъабазул Союзалъул член, ХІамзат ГІизудиновасул «Дир шигІрияб даптар» абураб литературияб данделъи.

* * *

ЦІаналъ тІобитІана Дагъистаналъул предпринимателазул кІиабилеб форум. 120-ялдаса цІикІкІун бизнесчи гІахьаллъараб данделъиялда районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас жиндирго кІалъаялда тІадчІей гьабуна район, республика, улка социалиябгун экономикияб рахъалъ церетІеялъе предпринимателазул хІаракатчилъиялъул кІваралда.

* * *

ГІемерсоназулаб ракІбацІцІадаб хъулухъалъе гІоло районалъул централияб больницаялъул бетІерав тохтурасул заместитель МухІамадхІабиб Абакаровасе кьуна «Дагъистан Республикаялъул сахлъи цІуниялъул отличник» абураб цІар.

* * *

Регионалияб XVI – абилеб «Нур» конкурсалда бергьана Россиялъул халкъазул гІадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан Набигула АхІмадибиров ва «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъухъ республикаялъулги «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъулги рахъалдасан шапакъатал щвана.

* * *

Халкъазул цолъиялъул къоялъул хІурматалда Гьоркьияб Новгородалда тІобитІараб Россиялъул миллияб адабияталъул дандеруссиналда гІахьаллъана «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор, Россиялъул хьвадарухъабазул Союзалъул член ХІамзат ГІизудинов.

* * *

Бакълъулазул районалде хІалтІулаб сапаралъ вачІана ДРялъул бетІерасул ва хІукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Иванов. Райадминистрациялда гьесулгун дандчІвай тІобитІана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас.

* * *

Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул цІияб мина хІалтІизабизе кьуна. Гьеб хІалтІизе биччаялда бан рохалилаб данделъи тІобитІана.

* * *

ЛъаратІа – Ингишо шагьранухда лъабрикъуда бана цІияб мажгит ва гьеб рагьиялда бан мавлид ахІана.

* * *

МельелтІа тІобитІана Дагъистаналъул бусурбабазул рухІияб лъайкьеялъул «Ассалам» газеталъул хІурматалда мажлис.

* * *

Террористазул квердасан гІумруялдаса ратІалъарал шагьидзаби ракІалдещевеялъул мажлис ифтар тІобитІана МельелтІа. Гьенив вачІун вукІана МухІамад аварагасул (с. т. гІ. в.) наслуялъул гІарабияв, гІалимчи МухІамад бин ГІабдулагь аль Альдарус.

* * *

Дагъистаналъул Муфтияталда республикаялъул муфтий шайих АхІмад Афанди дандчІвана районалъул имам Шамил Назировасул нухмалъиялда бакълъулазул делегациягун.

* * *

РабигІул аввал моцІалъул хІурматалда, МахІачхъалаялда тІобитІана бакълъулазул мажлис. Районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовгун, гьенир гІахьаллъана рухІияблъерехъаби, муниципалителалъул росабазул гІадамал.

* * *

Районалъул гІолилазул централъул хІаракаталдалъун «МухІамад аварагасул (с. т. гІ. в.) гІумруялъул хІакъалъулъ – авар мацІалда» абураб къец тІобитІана. ТІоцебесеб бакІ ккуна Ингишоса Фатима ГъазихІмаевалъ.

* * *

Москваялда бищунго лъикІав бетІерав тохтурлъун рикІкІана Москва шагьаралъул сахлъи цІуниялъул Департаменталъул З. Л. Башляевалъул цІаралда бугеб лъималазул клиникияб больницаялъул бетІерав врач МельелтІаса ИсмагІил ГІусманов.

* * *

Россиялъул ва Дагъистаналъул Конституциял лъаялъул республикаялъулаб олимпиадаялъул призерлъун вахъана районалъул администрациялъул хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул нухмалъулев Шамил ГІалиев.

* * *

«Бищун лъикІав классалъул нухмалъулев» районалъул конкурсалда байбихьул классазул нухмалъулезда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна МельелтІа аслияб школалъул мугІалим Сиядат ГІалиевалъ, чІахІиял классазул нухмалъулезда гьоркьоб МельелтІа гьоркьохъеб школалъул мугІалим ПатІимат Амагаевалъ. Сиядат ГІалиевалъе республикаялъулаб конкурсалда кІиабилеб бакІ щвана.

* * *

5-26 январалда бакълъулазул 20 цІалдохъан хІухьбахъи гьабулел ва цІалулел рукІана Краснодар краялъул курорталъулаб Анапа шагьаралда.

* * *

Халкъазда гьоркьосеб рахъдал мацІалъул къо кІодо гьабун, школлъималазда гьоркьор тІоритІарал районалъул къецазда тІоцебесеб бакІ, республикаялъул къецазда кІиабилеб бакІ ккуна МельелтІа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цІалдохъан Чакар ГІалибеговалъ.

* * *

ЧІиркъатІа гьоркьохъеб школалъул цІалдохъаби РахІмат ГІумароваль ва Даниял Идрисовас тІоцебесеб бакІ, Жамиля МухІамадовалъ кІиабилеб бакІ ккуна физикаялъул республикаялъул олимпиадаялда.

* * *

Республикаялъул «Нусго школа» проекталда гІахьаллъана МельелтІа аслияб ва Игьали гьоркьохъеб школал. КІиябго школа капиталияб ремонт гьабун къачІана.

* * *

«Дагъистаналъул лъагІалил учитель – 2019» республикаялъулаб къецалъул муниципалияб бутІаялда тІоцебесеб бакІ, Сергохъалаялда зоналияб этапалда лъабабилеб бакІ ккуна Ингишоса мугІалим Мадина Жаватхановалъ.

* * *

Аргъваниса речІчІухъан Къурбан ХІажиев бергьана Бразилиялдаса Джанейльсон Перейродаса Чачан республикаялъул Грозный шагьаралда тІобитІараб АСВ 79 турниралда.

* * *

Эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъул турниралда кІибилеб бакІ ккуна МельелтІа ДЮСШялъул цІалдохъан Набигула Астимировас ( 48 кг.)

* * *

Ингишоса насихІатчи ва тренер Жаватхан Жаватханов ракІалдещевеялъул эркенаб гугариялъул турнир тІобитІана МельелтІа ДЮСШялда. Турниралда лъабабилеб нухалъги чемпионлъун вахъана Набигула Астимиров.

* * *

Москва шагьаралда тІобитІараб Европаялъул кубокалъе гІоло чемпионаталда 85 кг. щвезегІан цІайиялда бергьенлъи босана ЧІиркъатІаса Мурад Нажуевас.

* * *

Республикаялъул торгІолІаялъул къецазда гІарцул медаль щвана ЧІиркъатІаса ясазул командаялъе.

* * *

Россиялъул МЧСалъул ДРялда ругел подразделениязда гьоркьор тІоритІарал торгІоХІаялъул къецазда тІоцебесеб бакІ ккуна Гумбеталда бугеб цІа свинабиялъул № 45 идараялъул хІалтІухъабаз.

* * *

Каспийск шагьаралда тІобитІараб 49 – абилеб халкъазда гьоркьосеб турниралда 70 кг. щвезегІан цІайиялда бергьун, меседиль медаль щвана Аргъваниса гугарухъан ХІажимурад ХІажиевасе.

* * *

МельелтІаса ХІабиб ГІабасов эркенаб гугариялъул рахъалъ Югалъул Федералияб округалъул чемпионлъун вахъана 65 кг. цІайиялда, Краснодар краялъул Гулькевичи шагьаралда тІоритІарал къецазда.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”»

**Решение № 6**

с. Мехельта 29. 12.2018 г.

Утвердить бюджет МО сельского поселения «Сельсовет “Мехельтинский”» на 2019 год в размере **6831** тыс рублей, и плановый период на 2020 год в размере **5449** тыс рублей, на 2021 год в размере **5449** тыс рублей.

**а)** Доходы: **2019** г. 2020 г. **2021** г.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4936,0 | 3554,0 | 3554,0 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 220,0 | 220,0 | 220,0 |
| Собственные доходы | 1675,0 | 1675,0 | 1675,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 856,0 | 856,0 | 856,0 |
| ЕСХН | 18,0 | 18,0 | 18,0 |
| Земельный налог | 617,0 | 617,0 | 617,0 |
| Имущественный | 184,0 | 184,0 | 184,0 |
| ИТОГО: | **6831,0** | **5449,0** | **5449,0** |

б) Расходы по учреждениям**:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 2623,0 | 2623,0 | 2623,0 |
| б) | МКУК | 1011,0 | 985,0 | 985,0 |
| в) | ВУС | 220,0 | 220,0 | 220,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 83,0 | 83,0 | 83,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 57,0 | 57,0 | 57,0 |
| ж) | Молодежная политика | 34,0 | 34,0 | 34,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 2803,0 | 1447,0 | 1447,0 |
| | ИТОГО: | **6831,0** | **5449,0** | **5449,0** |

**Председатель сельского Собрания М. А. Абдунасиров**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Игалинский”»

**Решение**:

1.Утвердить бюджет МО сельского поселения «сельсовет «Игалинский» на 2019 год в размере **5987000** рублей, и плановый период на 2020 год размере **4335000** рублей, на 2021 год в размере **4335000** рублей.

| | | 2019 г. | 2020 г. | 2021 г. |
|---|---|---|---|---|
| | Дотация | 5194000 | 3511000 | 3511000 |
| | Собственные доходы | **630000** | **6300000** | **630000** |
| | В том числе: | | | |
| | НДФЛ | 81000 | 81000 | 81000 |
| | ЕСХН | 0 | 0 | 0 |
| | Земельный налог | 332000 | 332000 | 332000 |
| | Имущественный | 217000 | 217000 | 217000 |
| | Субвенция | **194000** | **194000** | **194000** |
| | **ИТОГО:** | **6018000** | **4335000** | **4335000** |

**б) расходы по учреждениям:**

| | | 2019 г. | 2020 г. | 2021 г. |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Аппарат управления | 1932000 | 1519000 | 1519000 |
| 2. | МКУК | 1810000 | 1810000 | 1810000 |
| 3. | ЖКХ | 1882000 | 1438000 | 1438000 |
| 4. | Ф/К и спорт | 100000 | 100000 | 1000000 |
| 5. | Молодежная политика | 50000 | 50000 | 50000 |
| 6. | ВУС | 194000 | 194000 | 194000 |
| 7. | Резервный фонд | 50000 | 50000 | 50000 |
| | **ИТОГО:** | **6018000** | **4335000** | **4335000** |

**Председатель сельского Собрания Г. Н. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Килятль»

от 29.12.2018 г. № 9

Утвердить бюджет АСП «село Килятль» на 2019 год в размере 2072,0 тыс. рублей, и плановый период на 2020 год в размере 1468,0 тыс.рублей, на 2021 год в размере 1468,0 тыс.рублей.

а) Доходы: 2019 г. 2020 г. 2021 г.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1869 | 1265,0 | 1265,0 |
| Субвенция | 73,0 | 73,0 | 73,0 |
| Собственные доходы | 130,0 | 130,0 | 130,0 |

**(Продолжение-на 4 стр.)**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Верхнее Инхо»

Решение:

Утвердить бюджет МО село «Верхнее Инхо» на 2019 год в размере **2147,0** рублей, и плановый период на 2020 год в размере **1507,0**рублей, на 2021 год в размере **1507,0**рублей.

**а)** Доходы: **2019** г. **2020**г. **2021**г.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1981,0 | 1341,0 | 1341,0 |
| В.т.ч. дотация на частичную оплату выш.з/платы работ. культуры | 8,0 | 0,0 | 0,0 |
| Субвенция | 75.0 | 75,0 | 75,0 |
| Собственные доходы | 91,0 | 91,0 | 91,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 43,0 | 43,0 | 43,0 |
| Имущественный | 31,0 | 31,0 | 31,0 |
| ИТОГО: | **2147,0** | **1507,0** | **1507,0** |

б) Расходы по учреждениям**:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1330,0 | 1060,0 | 1060,0 |
| б) | МКУК | 270,0 | 170,0 | 170,0 |
| в) | ВУС | 75,0 | 75,0 | 75,0 |
| г) | ЗАГС | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 20,0 | 15,0 | 15,0 |
| ж) | Молодежная политика | 11,0 | 7,0 | 7,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 441,0 | 180,0 | 180,0 |
| | ИТОГО: | **2147,0** | **1507,0** | **1507,0** |

**Председатель сельского Собрания М.М. Магомедов**

## Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”»

**Решение № 8**

с. Арадирих 29.12.2019г.

Утвердить бюджет сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский**”**» на 2019 год в размере **3120** тыс. рублей, и плановый период на 2020 год в размере **2181** тыс. рублей, на 2021 год в размере **2181** тыс. рублей.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2910,0 | 1971,0 | 1971,0 |
| Субвенция | 86,0 | 86,0 | 78,0 |
| Собственные доходы | 124,0 | 124,0 | 124,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| Земельный налог | 62,0 | 62,0 | 62,0 |
| Имущественный | 42,0 | 42,0 | 42,0 |
| ИТОГО: | **3120,0** | **2181,0** | **2181,0** |

б) Расходы по учреждениям**:**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1593,0 | 1393,0 | 1393,0 |
| б) | МКУК | 778,0 | 566,0 | 566,0 |
| в) | ВУС | 86,0 | 86,0 | 86,0 |
| г) | Доплата к пенсии | 97,0 | 97,0 | 97,0 |
| д) | Ф/К и спорт | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ж) | Молодежная политика | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| з) | ЖКХ (благоустройство) | 527,0 | | |
| | ИТОГО: | **3120,0** | **2181,0** | **2181,0** |

**Председатель сельского Собрания К. А. Шапиев.**

## Собрание депутатов сельского поселения «Село Данух»

**Решение № 09**

2**8** декабря **2018**г. сел**.** Данух

Собрание депутатов постановляет **:**

Утвердить бюджет сельского поселения «Село Данух» на **2019** год и на плановый период 20**20 и 2021** годов.

**1.**Доходная часть.

| Вид доходов | 2019 г. | 2020 г. | 2021 г. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 2434,0 | 1649,0 | 1649,0 |
| Налог на доходы физических лиц | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| Земельный налог | 71,0 | 71,0 | 71,0 |

**(Продолжение-на 4 стр.)**

**(Начало-на 3 стр.)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| ЕСХН | | | |
| Земельный налог | 52,0 | 52,0 | 52,0 |
| Имущественный | 62,0 | 62,0 | 62,0 |
| ИТОГО: | **2072,0** | **1468,0** | **1468,0** |

б) Расходы по учреждениям:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1444 | 1062,0 | 1062,0 |
| б) | МКУК | 427,0 | 325,0 | 325,0 |
| в) | ВУС | 73,0 | 73,0 | 73,0 |
| г) | Ф/К и спорт | 19,0 | 13,0 | 13,0 |
| д) | Молодежная политика | 9,0 | 7,0 | 6,0 |
| ж) | ЖКХ (благоустройство) | 100,0 | 20,0 | 0 |
| | ИТОГО: | **2072,0** | **1468,0** | **1468,0** |

**Председатель сельского Собрания А.Т. Каримов**

**(Начало-на 3 стр.)**

| | | | |
|---|---|---|---|
| ЕСН | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| Субвенция | 87,0 | 87,0 | 87,0 |
| ВСЕГО: | **2613,0** | **1828,0** | **1828,0** |

**2.** Расходная часть

| Вид расходов | 2018 | 2019 | 2020 |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1748,0 | 1240,0 | 1240,0 |
| Учреждения культуры | 637,0 | 426,0 | 426,0 |
| ВУС | 87,0 | 87,0 | 87,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 111,0 | 60,0 | 60,0 |
| Молодежная политика | 10,0 | 5,0 | 5,0 |
| ФК и спорт | 20,0 | 10,0 | 10,0 |
| ВСЕГО: | **2674,0** | **1828,0** | **1828,0** |

**Председатель сельского Собрания М. Курбаналиев.**

# 2018 соналда Бакълъулазул районалда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъинал

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

* * *

Килалъ росулъ тIобитIана ДРялъул МугIрузул территориалияб округалъул росабзул командабазда гьоркьоб, жамгIияв ва динияв хIаракатчи АхIмад-хIажи ТIагьаев ракIалдещвеялъул торгIо хIаялъул турнир. Гьенибго тIобитIана чIорбу-тIалъ речIчIиялъул республикаялъулаб турнирги.

* * *

Москваялда ветераназда гьоркьоб тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда 20,60 метралъ хеч, 11,76 метралъ ядро ва 29,30 метралъ диск рехиялъе гIарцул лъабго медаль щвана ЧIикь школалъул физкультураялъул мугIалим Гъайирбег ГIалиасхIабовасе.

Дагъистаналъул бетIерасул кубокалъе гIоло къецазда Гъайирбег ГIалиасхIабовас ветераназда гьоркьов бергьун лъабго меседил медаль босана.

* * *

Эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул ва СШАялъул тIаса рищарал командабазда гьоркьор къецазда бергьана россиялъулал. Гьениб бергьенлъи босана МелъелтIа ДЮСШялъул цIалдохъан Набигула Астимировасги.

* * *

UFCялъул къеркьохъан Игьалиса Халид МуртазагIалиев спортивияб рагъулъ бергьана американав Си Би Доллоуэйидаса.

* * *

МелъелтIа тIобитIана теннисалъул рахъалъ сакъатазда гьоркьов Россиялъул чемпион Расул Назировасул цIаралда столалда теннис хIаялъул турнир.

* * *

Словакиялъул Трнаве шагьаралда гIолилазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ тIобитIараб чемпионаталда дунялалъул чемпионлъун вахъана Аргъвани росулъа ХIажимурад ХIажиев.

* * *

Столалда теннис хIаялъе Брянск шагьаралда тIоритIарал тIолгороссиялъул къецазда сакъатазда гьоркьов чемпионлъун вахъана Россиялъул кIицIолго чемпион, спорталъул мастер, тIолгодунялалъул спортивиял хIаязул чемпион МелъелтIаса Расул Назиров.

* * *

Районалда спорт цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъе гIоло лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовасе щвана ДРялъул физкультураялъул ва спорталъул министерствоялъул ХIурматалъул грамота.

**ХIадурана**
**Къурмагъиз ХIадисовалъ**

ХАЛКЪАЛЪУЛ ТIАЛАБАЗДА

# Росабалъ жанисел газил мухъал къачIай, рукъзабахъе газ бачиналде хIадурлъи...

**Гьал къояз «Гумбет» газеталъул редакциялде вачIун вукIана «Газпром» ОАОялъул «Газинженеринг МахIачхъала» идараялдаса Гумбет районалде газ бачиналъул хIалтIи гIуцIизе витIарав мастер МухIамад ГIабдулкъадиров. Гьесулгун гара-чIвари гьабуна Бакълъулазул районалъул росабалъе тIабигIияб газ бачиналъул бугеб хIалалда тIасан. Гьадин бицана МухIамад ГIабдулкъадировас**:

-ГIемер бицунеб, амма тIубан рагIалде бахъинчIого хутIараб масъалалъун бакълъулазе ккола тIабигIияб газ рукъзабахъе бачин. Дица дагьабго тIадчIей гьабила гьабсагIат гьеб кIвар бугеб ишалда хурхун гьабулеб бугеб хIалтIуда ва гIадамаз тIуразаризе ккола тадбиразда.

Гьаб соналъ МелъелтIа ва ЦIиликь росабазул гIадамазул рукъзабахъе газ кьезе ккола. ТIадран унел руго росулъ жанисел газил мухъал къачIаялъул хIалтIаби. ЦIиликь гьеб хIалтIи 80 проценталъ рагIалде бахъун буго. МелъелтIа росдал авалазда газил мухъал къачIаялде тIаделъун руго.

Рукъзабахъе газ бачинелде юридическиял лицабазги, гIадамазги хIадуризе ккола документация. (Физическиял лицабаз хIадуризе кколел документазул сияхI кьолеб буго «Гумбет» газеталъул жакъасеб номералда, юридическиял лицабаз хIадуризе кколел документазул сияхI хадуб бахъизе буго. **Ред. баян).** Техническияб документация гьечIого, цере ккарал чагIаз газ рукъзабахъе бачине бегьуларо. Сварщикал рукIине ккола 4-5 разрядалъул, газ бачине жидер ихтияр бугел, тIадегIанаб махщалил. Гьеб бачинелдеги цин документал хIадуризе, хадуб ихтияр щвезе ккола. Газалъул организациялъ махщел бугел мастерал ритIула нухдасан бугеб гIаммаб трубаялдасан рукъзабахъе газ бачунел трубаби регъезе. Гьез гьарурал хIалтIабазухъ кигIан гIарац минаялъул бетIергьабаз кьезе кколебали МахIачхъалаялде ун, дандбан хадуб баян гьабила.

Нилъер районалда буго газораспределительнияб 3 станция, щибалъ сагIаталда жаниб I0 азарго куб газил кьолеб. Цо станциялъул къуват буго тIубараб шагьар газалдалъун хьезабизе гIанасеб. ГIадамал, ай минабазул бетIергьаби, хIалтIизе ругел мастерал гьеб кIудияб кIваралъул ва пайдаяб ишалде агъазгун ралагьиялда бараб букIина хIалтIи цебехун ин.

МелъелтIа, ЦIиликь росабалъе газ бачиналда къокълъизе гьечIо районалда хIалтIи. Планалда буго росабазда гьоркьосел газил мухъал рачине проектал рахъизе МелъелтIа-ЛъаратIа, ЛъаратIа-Ингишо, Данухъ-Аргъвани-ЦIияб Аргъвани росабалъе.

I7 январалда проектировщикал ва МахIачхъалаялдаса газ бачиналъул иш тIаде кколеб организациялъул хIалтIухъаби районалде рачIана. Цадахъаб хIалтIи гьабулеб буго «Гумбет район» муниципалияб районалъул ва росабазул администрацияз. Халкъалъ гьеб пайдаяб ишалъул рахъ кквезе ва бичIчIи буголъи бихьизабизе ккола.

**Къурмагъиз ХIадисова**

# Перечень необходимых документов для получения технических условий для физических лиц

**К заявлению на выдачу техусловий для технологического присоединения к системе газораспределения прилагаются.**

1.Планируемый срок ввода в эксплуатацию объекта капитального строительства (при наличии соответствующей информации);

2.Планируемую величину максимального часового расхода газа (мощности) отдельно по различным точкам подключения (если их несколько) с обоснованием необходимости подключения нескольких точек;

3.Наименование присоединяемого объекта сети газораспределения в случае предоставления технических условий на присоединение объекта сети газораспределения к другой сети газораспределения;

4.Копии правоустанавливающих документов на земельный участок, на котором располагается (будет располагаться) принадлежащий заявителю объект капитального строительства (далее - земельный участок);

5.Копия документа, подтверждающего право собственности или иное предусмотренное законном право на объект капитального строительства, в случае если завершено строительство указанного объекта;

6.Ситуационный план расположения земельного участка с привязкой к территории населенного пункта;

7.Расчет планируемого максимального часового расхода газа (не требуется в случае планируемого максимального часового расхода газа не более 5 куб. метров);

8.Справка о точке подключении (с райгаза).

9.. Схема точки подключения (с райгаза).

Телефоны для справок: 89034980920, 89282776290

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.